

Chè paran oswa gadyen legal :

Pandan ane eskolè 2008-2009 la, nou te dakò pou ofri pitit ou a sèvis lasante (pa egzanp, sèvis pou li pran medikaman) oswa pou ofri l sèvis akomodasyon oubyen toulède e sèvis medikaman e sèvis akomodasyon dapre Seksyon 504 Lwa Reyabilitasyon 1973 la. Dapre règleman pou founi sèvis lasante ak sèvis akomodasyon dapre Seksyon 504 la, li obligatwa pou w bay lekòl la yon nouvo otorizasyon chak ane eskolè. Li nesèsè pou bay nouvo otorizasyon sa a pou fè sèten pitit ou a toujou bezwen sèvis nan lekòl la e si l bezwen sèvis yo, pou yo ofri l sèvis apwopriye. Lè w ranpli fòmilè pou bay nouvo otorizasyon an, w ap pèmèt yo ofri pitit ou a tretman medikal nesèsè ke doktè fanmi an preskri pou li, epi w ap pèmèt nou konnen si pwosedi medikal, dòz medikaman, lè pou l pran medikaman, ak lòt reyaksyon yon medikaman ka lakòz, elatriye... pa chanje pandan ane ki sot pase a. Enfòmasyon sa a nesèsè tou pou pèmèt founisè a ofri pitit ou sèvis li bezwen yo.

Etandone anpil paran planifye vizit ka doktè pou fè konsilte pitit yo pou dosye kan yo pou ane a, nou ankouraje w prepare w pou ane eskolè k ap vini a, e mande founisè k ap ofri pitit ou a sèvis pou l ranpli fòmilè apwopriye pou ane eskolè 2009-2010, si yo mande l pou l fè sa.

Poutèt sa, tanpri fè doktè oswa founisè swen sante pou fanmiy ou ranpli byen klè Fòmilè (yo) apwopriye pou Sèvis lasante ak Akomodasyon dapre Seksyon 504 nou mete avèk lèt sa a, epi siyen l.

Tanpri, kole yon ti foto pitit ou a nan kwen gòch anlè fòmilè pou medikaman an pou n ka byen idantifye pitit ou a.

Ou ka voye fòmilè yo tounen ba lekòl pitit ou a avan dènye jou lekòl la oswa ou ka voye l pandan ete a nan.

---

---

---

---

Pouf è sèten yo bay sèvis yon an kòmansman nouvèl ane lekòl la, ou dwe voye fòmilè ou fin ranpli yon an dat 10 out 2009 pou pi ta.

Ak senserite,